ACUMEN: INTERNATIONAL JOURNAL OF MULTIDISCIPLINARY RESEARCH
ISSN: 3060-4745 IF(Impact Factor)10.71 / 2025 Volume 2, Issue 12

# QARAQALPAQ XALÍQ NAQÍL-MAQALLARÍNDA AZÍQ-AWQAT ATAMALARÍŃÍŃ QOLLANÍLÍWÍ

***Usenova Dilfuza****-QMU, Lingvistika-Qaraqalpaq tili qánigeligi 1-kurs magistrantı*

***G.Allambergenova*** *– QMU, Qaraqalpaq til bilimi kafedrası docent (PhD)*

Qaraqalpaq xalqı ázelden sózge sheshen, kúndelikli sóylewin naqıl-maqallar menen sóyleytuǵın xalıq. Sonıń ushın da, naqıl-maqallardı «atalar sózi» boladı desek qátelespegen bolamız. Naqıl-maqallar ózi az sóz benen kóp máni beretuǵın, sózdiń mánisin ańlawdı talap etetuǵın qısqa tujırımlı sózler esaplanadı.

E.Sepir hám Uorf mektebiniń gipotezasına kóre, insanlar álemdi óz ana tili tiykarında túrlishe kóredi. Tilde sáwlelengen álem ǵana bar. Hárbir til barlıqtı ózine tán usıllar menen sáwlelendirer eken, onda tiller bir-birinen «álemniń tillik kartinasınası»na kóre parıqlanadı, degen edi [1]. Usı pikirlerge súyenetuǵın bolsaq, haqıyqatında da tildegi naqıl-maqallar arqalı biz anaw yáki mınaw xalıqtıń ótmishtegi turmısın, dúnyatanımın hám bolmıstı qalay túsingenligin biliwimizge boladı. Sol qatarı kúndelikli turmısımızdaǵı azıq-awqat atamaları folklorǵa, sonıń ishinde naqıl-maqallar tiline de kóshken.

Búgingi kúnge shekem til iliminde tilimizdegi naqıl-maqallar hár qıylı aspektlerde úyrenip kelindi. Biz bul maqalamızda naqıl-maqallar tilindegi azıq-awqat atamaları haqqında sóz etpekshimiz. Mısallar qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleriniń úlgisi bolǵan folklordan alındı hám maqalanı tayarlawda B.Yusupovanıń «Paremiologiya» ilimiy miynetin toparlarǵa bóliniw úlgileri bashılıqqa alındı [2].

Qaraqalpaq xalqınıń milliy mádeniyatı ásirden-ásirge ótip kiyatırǵan bay tarıyx hám turmıs tájiriybelerinen ibarat. Til bolsa - sol mádeniyattıń aynası, onda sol xalıqtıń dúnya qarası, hám turmısqa tiyisli nárseler óz ornın tabadı. Xalıqtıń óz turmısındaǵı azıq-awqat, dasturxan hám awqatlanıw mádeniyatına baylanıslı til birlikleri esaplanadı. Olarda nan, sút, shay, qazan, dasturxan sıyaqlı birlikler arqalı bereket, birlik, saqawat, miyrim, miymandoslıq konceptleri orın aladı. Solardıń qatarında azıq-awqat ónimlerine baylanıslı naqıl-maqallar da kóplep ushırasadı.

Azıq-awqatlar dúnyanıń barlıq xalıqları ushın tán bolǵanı menen, onda sol xalıqtıń milliy etnografiyalıq qásiyetlerin kórsetiwshi belgiler boladı. Qaraqalpaq xalqı ázelden sharwashılıq penen shuǵıllanıwshı xalıq bolǵanı ushın, tiykarǵı ónimi gosh, sút,

qatıq penen tayarlanatuǵın taǵamlar boladı. Bul sózlerge baylanıslı tilimizde birqansha naqıl-maqllar bar bolıp, olarǵa tómendegilerdi aytıp ótsek boladı:
Jaz ***aqsız*** bolmas, Gúz ***kóksiz*** bolmas; Sáwir bolmay, táwir bolmas, Sıyır bolmay ***ayran*** bolmas; ***Qatıq*** tógilse, juǵı qalar, ***Ayran*** tógilse, nesi qalar? ***Ayran*** soraǵan shelegin jasırmas; Jaz-***sawın***, qıs-***as-qatıq***, Jarasıǵı bolmaǵan jazı qurısın, ***As-qatıǵı*** bolmaǵán ası qurısın.

Joqarıda berilgen mısallardaǵı aq, kók, ayran, as-qatıq sózleriniń folklorǵa kóshiwi tábiyiy. Sebebi, xalıqtıń kúndelikli turmıs tárizindegi azıqlıqlar usı ónimler menen baylanıslı. Bul ónimler menen baylanıslı bolǵan úsh ay sawınım degen gáp te biykar emes. Jıl máwsimleriniń ishinde báhárde usı sawın sıyırları menen azıqlanǵan.

Balıqshılıq qaraqalpaq xalqında áyyemnen shuǵıllanıp kelgen kásipleriniń biri. Xalqımız Ámiwdáryanıń ayaǵı, Aral teńizi jaǵasında jasaǵanı ushın, tiykarǵı azıqlarınıń biri balıq ónimi hám onnan islengen awqatlar bolǵan [3]. Tilimizde: Jarlınıń teńi jarma, balıqshınıń teńi qarma; Balıq jegen toq bolar, hál-dármanı joq bolar; Sazan balıqtıń miyin jegen, aqıllı boladı; Jayınnıń basın jeme, quyrıǵın je; Balıqshınıń úyine barsań qarma jeyseń, Diyqannıń úyine barsań jarma isheseń.

Xalqımız arasında da, este saqlawı jaqsı adamlarǵa qarata, "balıqtıń miyin jegen" degen sózler ushırasadı. Joqarıda aytıp ótilgenindey, qaraqalpaqlar Aral átirapında qonıslasqanı ushın, tiykarǵı azıq ónimi balıq bolǵan. Balıqtıń quramında adam organizmi ushın azıqlıq vitaminler de kóp bolıp, olar adam organizmi ushın qara mal hám qoy góshindegi azıqlıq elementlerden de ústemlik etedi. Ásirese, onıń quramındaǵı D vitamini súyek salamatlıǵı ushın úlken áhmiyetke iye. Sol ushın da ata-babalarımız kúshli, qarıwlı hám duǵıjım bolǵan.

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, tilimizdegi qısqa bola tura tereń máni beretuǵın naqıl-maqallardıń ashılmaǵan qırların úyreniw ele de kóp bilimlerdi talap etedi. Naqıl-maqallardı tek bir ǵána tárepten emes, hár qıylı baǵdarda izertlew tilde úyreniwdiń zárúr shártlerinen esaplanadı.

**PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR:**

1.Usmonova.Sh Lingvokulturologiya. Darslik. Toshkent. 2019
2.Б.Юсупова. Паремиология Қарақалпақ халық мақаллар тилиниң лексика-семантикалық ҳәм лексика тематикалық өзгешкликлери Монография «Qaraqalpaqstan» Нөкис 2024
3. Мәмбетов.К Қарақалпақдың этнографиялық тарыйхы Нөкис: «Қарақалпақстан» 1995
4.Қарақалпақ фольлоры Көп томлық. 88-100-томлар. Нөкис «Илим» 2015